

Fòmilè Demann pou Pwogram Bous Detid EdChoice 2024-2025

REVNI	<p>***ATANSYON: Verifikasyon revni an obligatwa pou kandida Bous Detid Ekspansyon Nouvo yo. Verifikasyon revni an pa rekòmande pou aplike pou yon Bous Detid EdChoice Tradisyonèl. Fanmi yo kapab kalifye pou estati fèb revni si yo chwazi fè verifeye revni pa yo pou Bous Detid EdChoice Tradisyonèl la. Pou konplete pwosesis Verifikasyon Revni an, paran yo kapab soumèt anliy pandan y ap itilize sistèm sekirize Verifikasyon Revni oubyen konplete ak voye pa lapòs fòmilè papye a. Voye dokiman yo pa imel pa otorize.</p>
VERIFIKASYON ADRÈS	<p>***Prèz rezidans lan obligatwa pou tout kandida premye ane ak renouvèlman yo epi dwe soumèt bay lekòl la avèk aplikasyon an.***</p> <p>Paran/Gadyen yo dwe jistifye rezidans yo pandan y ap prezante lekòl la avèk yon fakti sèvis piblik ajou (ki date nan mwens pase 90 jou). Fakti sèvis piblik (elektrisite, gaz, dlo, tou egou, kab/entènèt) dwe montre sèvis ki koresponn lan ak adrès postal la nan non paran/gadyen an. Bwat postal yo (eksepte nan zòn andeyò yo kote rezidan yo sèlman gen yon Bwat Postal (PO Box)) ak fakti telefòn selilè pa gen okenn adrès pou sèvis epi donk, yo pa aksepte yo.</p> <p><i>Lèt Dokiman Akseptab (Acceptable Documents) yo:</i> Yon relve ipotekè chak mwa (mwens pase 90 jou depi lè yo te fèt) oubyen bay/kontra lokasyon (siyen pa lokatè ak bayè a) ak yon kourye pwofesyonèl aktyèl (pa egzanp: fich pèman, relve bankè, relve asirans, relve pèman machin, elatriye) avèk non ak adrès paran/gadyen an.</p> <p>***Enfòmasyon adisyonèl yo kapab jwenn sou paj wèb bous detid la.***</p>

AKÒ PARAN EDCHOICE (EDCHOICE PARENT AGREEMENT) 2024-2025

MWEN _____ DAKÒ AK SA KI VINI AN APRE YO:

(Non Paran)

- Enfòmasyon ki founi yo nan aplikasyon sa a vrè ak kòrèk.
- Mwen te bay lekòl chatè ki pa piblik (chartered nonpublic school) la yon kopi sètifye konfòm ak akt de nesans elèv la, divès kopi nan tout dokiman gad/titèl elèv la ak yon prèz adrès mwen an.
- Mwen te soumèt sèlman yon demann EdChoice pou elèv sa a.
- Montan bous detid la pral sèlman aplike pou frè eskolarite lekòl enskripsyon an, epi mwen kapab gen rekòmandasyon pou peye lòt frè ak depans jan sa dekri pa politik lekòl yo.
- Mwen pral siyen tout chèk bous detid ki resevwa pa lekòl prive pou elèv mwen an nan yon fason apwopriye. Mwen konprann si mwen pa reyisi andose chèk bous detid la nan lekòl la, mwen pral responsab pou peye frè eskolarite elèv la.
- Si mwen transfere bous detid la bay yon lòt lekòl chatè non piblik (chartered nonpublic school) k ap patisipe, mwen pral avize lekòl la sou entansyon mwen pou retire epi mwen pral retounen nan lekòl orijinal la pou siyen nenpòt chèk ki rete.
- Mwen pral aplike pou nenpòt ak tout èd finansyè oubyen rediksyon ak ajisteman frè eskolarite ki mete regilyèman nan dispozisyon elèv ki prale nan lekòl kote yo aksepte elèv la pou enskripsyon.
- Mwen ap respekte pwosesis rezolisyon litij Depatman Edikasyon (Ohio Ohio Department of Education, ODE) a ki dekri nan Atik Kòd Administrasyon Ohio 3301-11-14.
- Si mwen pa yon paran a fèb revni oubyen pa konplete pwosesis verifikasyon revni an, mwen pral responsab pou peye nenpòt diferans ant montan bous lekòl la ansanm ak frè eskolarite lekòl chatè non piblik la.
- Mwen dwe enfòm ODE ak lekòl chatè non piblik la sou nenpòt chanjman nan adrès rezidansyèl oubyen estati gad elèv la.
- Mwen p ap kapab renouvle bous detid pitit mwen an si: 1) fanmi mwen demenaje nan yon lòt distri lekòl piblik amwens ke pitit mwen an ta afekte nan yon lekòl piblik ke EdChoice dezinye nan nouvo distri a (aplikab sèlman pou elèv ki resevwa nan kòmansman yon bous detid baze sou yon batiman EdChoice te dezinye); 2) pitit mwen an pa konplete tout evalyasyon obligatwa yo; 3) pitit mwen an gen plis pase 20 absans non jistifye pou ane lekòl la; oubyen 4) Mwen pa reyisi konplete pwosesis renouvèlman an. Si pitit mwen an te resevwa yon bous detid Ekspansyon EdChoice, mwen dwe toujou kenbe rezidans nan Ohio a.

Fòmilè Demann pou Pwogram Bous Detid EdChoice 2024-2025

- Mwen te resevwa ak konprann manyèl politik lekòl chatè non piblik la epi m ap respekte dispozisyon li yo.
- Mwen konprann ke si bous detid pitit mwen an te atribiye pa erè, li pral fini imedyatman, epi donk, mwen t ap responsab pou peye frè eskolarite a si mwen deside kenbe pitit mwen an nan lekòl prive a.

Mwen deziyen _____ pou soumèt yon demann nan non mwen pou Pwogram Bous Detid la
(Non Lekòl Prive a)

atravè sistèm demann elektwonik Depatman Edikasyon Ohio a. Lè mwen siyen anba a, mwen dakò ak deklarasyon anwo yo.

Siyati Paran/Gadyen Legal ki siyen chèk frè eskolarite a

Dat Li Siyen

Retounen nan lekòl prive a avèk akt de nesans elèv la epi yon fakti sèvis piblik aktyèl ki montre sèvis korespondan ak adrès postal yo.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekita](#) ([equal opportunity employer](#)) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Depatman [Politik Diskriminasyon Enfimite](#) and [Politik Diskriminasyon Pwosedu pou Plent](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..